

### SS.7.C.1.2

Swiv tras enpak la ke Magna Carta a, Deklarasyon Dwa Anglè a, Mayflower Compact, ak Bon Sans Thomas Paine lan te genyen sou opinyon kolon yo de gouvènman.

#### SS.7.C.1.2 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap evalye enpak ke Magna Carta a, Deklarasyon Dwa Anglè a, Mayflower Compact, ak Bon Sans te genyen sou bi gouvènman an.

**Magna Carta** a te enfliyanse opinyon kolon yo sou bi pou gouvènman an nan twa fason prensipal. Premyèman, li te ede yo etabli **gouvènman ki limite** nan Etazini atravè twa branch ki mansyoné nan Konstitisyon Etazini an. Chak branch gen pouvwa yo pou tcheke oswa limite pouvwa a lòt de yo. Sistèm **kontwòl ak balans** la, anpeche nenpòt ki branch pou kont li vin genyen twòp pouvwa. Dezyèmman, Magna Carta a te etabli lide de **habeas corpus**. Twazyèmman, tankou Magna Carta a, Konstitisyon Etazini an se lwa nan tè e pyès moun paka depase !

**Deklarasyon Dwa Anglè** a te enfliyanse opinyon kolon yo sou bi gouvènman an paske lide sou li te enkli nan de dokiman fondatè yo: Deklarasyon Endependans lan ak Deklarasyon Dwa Moun. Premyèman, nan Deklarasyon Endependans lan, kolon yo te ekri ke yo "kenbe sèten verite kòm evidans," (vidan), "ke tout moun kreye egal ego, epi yo genyen sèten dwa ke pèsonn paka retire enkli lavi, libète, ak pouswit bonè. "Epitou, gouvènman an jwenn pouvwa li nan men moun yo lap gouvène a. Dezyèmman, enfliyans Deklarasyon Dwa Anglè a kapab wè nan Deklarasyon Dwa Moun lan enkli dwa a petisyon gouvènman an, libète lapawòl, ansanble pasifik (lapè), libète laprès ak dwa pou pote zam. Dezyèm Amannman an pwoteje dwa moun pou pote zam.

**Mayflower Compact** te enfliyanse tou sou lide kolon yo te bay konsènan bi gouvènman an nan lide sa yo ki te enkli nan Konstitisyon Etazini an. Sa ki pi enpòtan an, se lide pou **gouvène pwòp tèt yo** se pwen santral nan Konstitisyon Etazini an. Nan konmansman Konstitisyon Etazini an avèk mo sa yo "Nou Pèp la," Fondatè yo te fè li klè ke pèp la etabli (kreye) gouvènman an. Enfliyans nan Mayflower Compact yo, yap jwenn yo nan Katòzyèm Amannman an tou, ki deklare: "Pa gen eta ki ka fè oswa aplike nenpòt lwa ki pral abreje privilèj yo oswa iminite sitwayen nan peyi Etazini; ni nenpòt eta ki anpeche nenpòt lavi moun, libète, oswa pwopriyete, san pwosedi ki jis nan lwa; ni refize nenpòt ki moun nan jiridiksyon li pwoteksyon egal ego nan lwa yo. "Amannman sa a reflete objektif kolon yo ki gen lwa ki jis e egal pou tout moun.

**Bon Sans** te enfliyanse anpil kolon pou yo sipòte Deklarasyon Endependans lan. Deklarasyon Endependans lan te diskite ke moun dwe chanje oswa aboli (retire sou pouvwa) yon gouvènman destriktif e ranplase li ak yonn kap satisfè bezwen pèp la. Bon Sans te enfliyanse gouvènman an ki pita te etabli nan peyi Etazini. Li te sipòte lide ki fè konnen ke Konstitisyon Etazini an se lwa peyi a. Li te sipòte tou gouvènman ki etabli pa Konstitisyon Etazini an kote pa gen yonn nan twa branch gouvènman an ka vin gen twòp pouvwa.

**Bon Sans** - yon ti liv ki te pibliye pa Thomas Paine an 1776 pou konven kolon Ameriken yo pou yo sipòte vini endependan de Angletè

**Deklarasyon Dwa Anglè** - yon dokiman gouvènman ki elaji Pouvwa yo ki nan Palman Anglè a ak elaji dwa pèp la, osi byen ke plis limite dwa wa a; ekri pa manm Palman Anglè a an 1689

**Gouvène pwòp tèt ou** - popilè oswa sistèm reprezantan kote moun yo kreye epi egzekite pwòp gouvènman yo

**habeas corpus** - prensip ke gouvènman an genyen pou bay yon kòz oswa yon rezon pou kenbe yon moun nan prizon

**kontwòl ak balans** - yon prensip nan gouvènman federal la, daprè Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an pou l limite pouvwa lòt branch yo

**Magna Carta** - yon dokiman pou gouvènman an ki limite pouvwa wa Angletè a, e pwoteje dwa noblès la; ekri pa chèf Anglè noblès la an 1215

**Mayflower Compact** - yon akò ant moun ki te kreye gouvènman an kita bay lòd ak pwoteje dwa kolon yo; ki te ekri pa yon gwoup Anglè Puriten nan Massachusetts an 1620

**yon gouvènman ki limite** - yon gouvènman ki te gen pouvwa li limite pa yon konstitisyon, oswa akò ki ekri